

Byenveni nan Pwogram Apre Lekòl!

Yo aksepte pitit ou a pou enskripsyon nan Pwogram Apre Lekòl Federalsburg la. Pitit ou a ka kòmanse patisipe nan pwogram nan _____. Men kèk enfòmasyon enpòtan pou ou kenbe sou la men:

Pwogram Apre Lekòl la ap fèt Lendi jiska Jedi (pa gen pwogram pandan mwatye jounen yo oswa pa gen jou lekòl)

Pwogram nan ap fini a 6:00 p.m., otobis yo ap kite lekòl la a 6:00 p.m. pou mennen elèv yo lakay yo.

Si w ap vin chèche yon elèv bonè oswa nan fen pwogram nan, yo dwe siyen pou yo soti. Tanpri vin nan pòt bò kafeterya a epi rele nimewo telefòn pwogram Apre Lekòl la pou fè kowòdinatè a konnen ou la pou vin chèche pitit ou a.

Men yon ti aperçu sou orè apre lekòl la:

3:40 - 4:00: Elèv yo rive, jwèt matematik/sant aktivite yo ap disponib. Elèv yo ka chwazi tou pou yo travay sou devwa pandan tan sa a.

4:05 - 4:25: Jwe lib deyò oswa andedan (selon kondisyon metewolojik yo)

4:30 - 4:45: Jwèt/sant aktivite alfabetizasyon ap disponib. Elèv yo kapab chwazi tou pou yo pote yon liv ak lekti gratis oswa kontinye travay sou devwa pandan tan sa a.

4:50 - 5:15: Dine

5:20 - 5:50: Aktivite anrichisman (espò, atizana, STEM, kwit manje, elatriye...)

5:55 - 6:00: Depa

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite kontakte Kowòdonatè Sit Aprè Lekòl ou a, Felita nan 410-463-3183.

Mèsi,

Felita Friend

Kowòdonatè Aprè Lekòl FES

